

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu hasil panalungtikan téh mangrupa gambaran ngeunaan kalimah wawaran jembar dina novel *Pangantén* Karangan Dédén Abdul Aziz anu ditilik tina jihat katégori, adegan, jeung harti. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, bisa diringkeskeun saperti di handap ieu.

- a. Kalimah wawaran jembar nya éta kalimah anu eusina ngawawarkeun, nerangkeun, méré informasi ka nu lian, anu unsur fungsionalna diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan minangka galeuh kalimah, di tambah katerangan minangka panambahna, boh dibarengan objék jeung panglengkep boh henteu.
- b. Hasil analisis kapanggih aya 57 kalimah wawaran jembar.
- c. Disawang tina katégori kapanggih aya 4 katégori kalimah wawaran jembar nya éta kalimah barang anu jumlahna 2 kalimah (3,50%), kalimah pagawéan anu jumlahna 32 kalimah (56,14%), kalimah sipat anu jumlahna 17 kalimah (29,82%), jeung kalimah pangantét anu jumlahna 5 kalimah (8,77%),
- d. Disawang tina adegan kapanggih aya 9 pola kalimah nya éta 5 pola adegan kalimah sampurna, jeung 4 pola adegan kalimah teu sampurna. Pola sampurna diantaranya ngawengku kalimah sampurna intransitif jeung transitif.
- e. Disawang tina harti kapanggih aya 6 harti kalimah wawaran jembar, nya éta kalimah wawaran jembar 'waktu', 'tempat', 'aspék', 'waktu jeung tempat', 'waktu jeung cara', 'cara jeung tempat'.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan katégori, adegan, jeung harti kalimah wawaran jembar. Aya sawatara hal anu patali jeung kalimah wawaran jembar can katalungtik di antarana ngeunaan déskripsi kalimah wawaran jembar anu can dipatalikeun kana bahan pangajaran, jaba ti éta sumber datana kakara ragam tinulis. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan séjén anu ngagarap pangajaran kalimah wawaran jembar kalayan sumber data lengkap, boh lisan boh tinulis.

